# Kreye yon Demann Kontra Enskripsyon pou Ane Fiskal 2025 nan Eleyo

1. Eskane kòd QR a oswa klike sou lyen ki anba a.

    a. https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/afterschool

2. Anba Afterschool Program chwazi *Request Enrollment*




3. Si w genyen yon Kont Eleyo ki egzizte deja, tanpri siyenpandan w ap itilize imel ak modpas ou. Si w nouvo nan Eleyo, tanpri chwazi *Create Account* pou kreye pwofil ou. Yo pral mande w pou ajoute enfòmasyon pitit ou pita nan pwosesis la.




4. Lè sa a, y ap mennen w nan pwosesis enskripsyon nan Pwogram Apre Lekòl la. Si w genyen yon Kontra ki egziste deja nan Eleyo, seleksyone timoun nan. Si pitit ou a pa nan lis la, klike *Add New Child* (gade imaj ki nan lòt paj la).




5. Lè w fin seleksyone pitit ou a, klike sou *Looks Good. Kòmanse Enskripsyon an*.




6. W ap bezwen ranpli Enfòmasyon sou Timoun nan, Kontak pou Ijans/Moun ki Otorize pou Vin Chèche li, Lokal (kote pitit ou a prale pou pwogram apre lekòl), Kondisyon, Orè, Kesyon ak Enfòmasyon Finansye.

7. Ou pral resevwa yon imèl pou fè w konnen yo te soumèt Demann Kontra w la epi y ap tann apwobasyon manm estaf yo epi yo pral revize nan lòd yo te resevwa yo. Depi yo fin apwouve kontra w la, w ap resevwa yon imèl ki konfime demann kontra w la.

8. Depi w fin ranpli pwosesis enskripsyon an atravè Eleyo epi w fin peye frè enskripsyon an, direktè apre lekòl nan sit ou a kapab mande lòt fòm oswa dokiman. Y ap ba w yon kopi manyèl paran an. Lè yo peye frè enskripsyon an, kontra a apwouve epi yo resevwa tout fòm/dokiman ki aplikab yo, ou fin ranpli pwosesis enskripsyon an.

## Peman Alavans pou Apre Lekol

Depi w fin gen yon kontra apre lekòl ki apwouve epi w ta renmen kòmanse fè peman, w ap bezwen retounen nan koneksyon Eleyo a https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/afterschool epi klike sou *Explore All*

*Programs*.

Kontak Apre Lekòl ou a ap parèt.







Si w ta renmen kòmanse fè peman pou apre lekòl, klike sou # kont ou, Pwogram Apre Lekòl, ak non pitit ou a.

Ou kapab fè peman pou apre lekòl alavans. Malgre Dènye Fakti a kapab montre kont ou aktyèl, rezon ki fè sa a se paske yo poko voye fakti ou pou Ane Fiskal 2024 apre lekòl yo.




Pou fè yon peman, tou senpleman klike *$ Pay*. Tape montan ou vle peye a. Si gen nenpòt kòmantè ki nesesè, tanpri endike sa nan Nòt Peman yo epi klike *Add to Cart*. Pou w konplete tranzaksyon w lan, klike sou *shopping cart button* ki anlè adwat epi klike *check out*. Swiv enstriksyon yo pou konplete tranzaksyon an.